



Nim. 202,8

DEKRÈ EGZEKITIF

Kontinuite sispansyon tanporè ak modifikasyon lwa yo Ki gen rapò ak ijans nan sitiyasyon katastwòf la

LÈ NOU KONSIDERE, nan dat 7 mas 2020 an, mwen teibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 202 a (Executive Order Number 202) pou deklare yon ijans nan sitiyasyon katastwòf nan Eta a pou tout Eta New York la;

LÈ NOU KONSIDERE, yo dokimante ni ka ki gen pou wè avèk vwayaj ni transmisyon COVID-19 pa kontak nan kominote a nan Eta New York epi yo prevwa sa ap kontinye toujou;

LÈ NOU KONSIDERE, pou fasilite repons ki pi apwopriye ak pi efikas pou katastwòf ijans COVID-19 la, li enpòtan pou Eta New York kapab aji vit pou rasanble, kowòdone, ak deplwaye machandiz, sèvis, pwofesyonèl ak volontè tout kalite; ak

KOUNYE A, KIDONK, mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York, avèk otorite mwen genyen dapre Seksyon 29-a Atik 2-B Lwa Egzekitif la pou sispann oswa chanje pwovizwaman nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ oswa règleman, oswa pati ladan yo, pou nenpòt òganis pandan yon ijans nan Eta a poutèt katastwòf, si respè lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ oswa règleman sa yo ta anpeche, jennen oswa retade mezi ki nesèsè pou fè fas ak katastwòf la, oswa si sa nesèsè pou bay asistans oswa èd pou fè fas ak katastwòf sa a, avèk dokiman sa a, mwen sispann oswa chanje pwovizwaman, pou peryòd ant dat Dekrè Egzekitif sa a jis nan dat dimanch 19 avril 2020, sa ki annapre yo:


- An akò avèk direktiv Jij an Chèf Eta a pou limite operasyon tribinal yo ak zafè ki esansyèl yo pandan tandans kriz sante COVID-19 lan, nenpòt limit tan espesifik pou kòmansman, depo, oswa sèvis nenpòt aksyon legal, avi, mosyon, oswa lòt pwosesis oswa pwosedi, jan sa preskri anba lwa pwosediral Eta a, gen ladan men san limite ak lwa pwosedi kriminel, lwa sou tribinal fanmi an, règ ak lwa pratik sivil yo, lwa sou tribinal reklamasyon yo, lwa sou pwosedi tribinal siksèsyon an, ak lwa sou tribinal inifòm yo, oswa pa nenpòt lòt estati, lwa lokal, òdonans, lòd, règ, oswa règleman, oswa pati nan yo, avèk dokiman sa a, ap sispann apati dat dekrè egzekitif sa a jiska 19 avril 2020;
- Sibdivizyon 1 nan Seksyon 503 Lwa sou Sikilasyon ak Veyikil (Vehicle and Traffic Law) la, nan mezi ke li bay yon peryòd validite ak ekspirasyon pou yon lisans chofè, dekwa pou etann pandan dire dekrè egzekitif sa a validite lisans chofè yo ki ap ekspire nan oswa apre 1e mas 2020;
- Sibdivizyon 1 nan Seksyon 491 Lwa sou Sikilasyon ak Veyikil la, nan mezi ke li bay yon peryòd validite ak ekspirasyon pou yon kat idantifikasyon ki pa pou chofè, dekwa pou etann pandan dire dekrè egzekitif sa a validite kat idantifikasyon ki pa pou chofè yo ki ap ekspire nan oswa apre 1e mas 2020;
- Seksyon 401, 410, 2222, 2251, 2261, ak 2282(4) nan lwa sou Sikilasyon ak Veyikil la, nan mezi ke li bay yon peryòd validite ak ekspirasyon pou yon sètifika anrejistremant oswa plak imatrikilasyon pou yon veyikil oswa trelè ak motè, yon motosiklèt, yon motonèj, yon bato, yon veyikil ak itilizasyon limite, ak yon veyikil touteren, respektivman, dekwa pou etann pandan dire dekrè egzekitif sa a validite sètifika anrejistremant oswa plak imatrikilasyon sa a ki ap ekspire

nan oswa apre 1e mas 2020;

- Seksyon 420-a lwa sou sikilasyon ak veyikil la nan mezi ke li bay yon ekspirasyon pou dokiman anrejistremant pwovizwa yo ke konsesyonè otomobil yo te bay pou etann validite sa a pandan dire dekrè egzekitif sa a.
- Souseksyon (a) nan Seksyon 602 ak souseksyon (a) ak (b) nan Seksyon 605 Lwa sou Kòporasyon Biznis (Business Corporation Law) lan, nan mezi ke yo egzije pou yo avize ak òganize reyinyon ak aksyonè yo nan yon espas fizik.

KOUNYE A, KIDONK, dapre otorite Seksyon 29-a Atik 2-B Lwa Egzekitif la ban mwen pou pibliye nenpòt direktiv pandan yon ijans nan sitiyasyon katastwòf ki nesèsè pou fè fas ak katastwòf la, mwen pibliye avèk dokiman sa a direktiv annapre yo pou peryòd ki sot nan dat Dekrè Egzekitif la rive dimanch 19 avril 2020:

- Pwovizyon Dekrè Egzekitif 202.6 yo modifiye avèk dokiman sa a pou li konsa: Apati dat 22 mas nan 8 p.m.: Tout biznis ak antite ki pa gen bi likratif yo nan Eta a dwe itilize, nan tout mezi posib, nenpòt pwosedi teletravay oswa travay depi lakay ke yo ka itilize san danje. Chak anplwayè dwe redwi mendèv an pèsòn nan nenpòt lokal travay de 100% pa pita pase 22 mas a 8 p.m. Nenpòt biznis oswa antite esansyèl ki bay sèvis oswa fonksyon esansyèl pa dwe sijè ak restriksyon an pèsòn yo. Yon antite ki bay sèvis oswa fonksyon esansyèl oswa pou yon biznis esansyèl oswa ki pa yon biznis esansyèl pa dwe sijè ak restriksyon travay an pèsòn lan, men gendwa fonksyone nan nivo ki nesèsè a pou bay sèvis oswa fonksyon sa a. Nenpòt biznis ki vyole òdonans anwo a pral sijè ak aplikasyon lalwa kòm si yo te yon vyolasyon yon òdonans konfòmman ak seksyon 12 Lwa sou Sante Piblik (Public Health Law) la.
- Pa pral gen okenn aplikasyon lalwa pou oswa yon eviksyon nenpòt lokatè rezidansyèl oswa komèsyal, oswa yon sezi nenpòt pwopriyete rezidansyèl oswa komèsyal pou yon peryòd katreven dis jou.
- Apati 20 mas 8 p.m., nenpòt randevou ki an pèsòn nan nenpòt departman veyikil ak motè konte oswa Eta a anile, epi jiska nouvèl òd, sèlman tranzaksyon anliy yo pral otorize.
- Otorite Komisè Taksasyon ak Finans (Commissioner of Taxation and Finance) lan pou diminye penalite pou deklarasyon taks ak peman an reta konfòmman ak seksyon 1145 Lwa sou Taks (Tax Law) la avèk dokiman sa a etann pou otorize tou rediksyon enterè, pou yon peryòd 60 jou pou kontribyab yo egzije deklare taks yo ak vèsè taks sou lavant ak itilizasyon yo avan 20 mas 2020, pou peryòd chak trimès taks sou lavant yo ki te fini 29 fevriye 2020 an.



F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan

Vil Albany, ventyèm jou mwa

mas nan ane de mil ven.

A handwritten signature in black ink, appearing to be "Andrew Cuomo".

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

A handwritten signature in black ink, appearing to be "M. C." followed by a long horizontal stroke.

Sekretè Gouvènè a